

Moses Goes to a Concert/Moses Ale Nan Yon Konsè



Moses se yon ti gason ki jwe **tanbou**. Li gen yon tanbou tou nèf. Li pa kapab tande bri tanbou l la ap fè, paske li **soud**, men li santi vibrasyon yo nan men li yo. Li retire soulye nan pye l pou li kab gen menn sensasyon an tou.



Jodi a Moses prale nan **pwomnad** ak tout klas li. Mesye Samuels, pwofesè a mennen yo tout ki soud nan yon **konsè** pou jèn moun. Etan yap monte otobis la, yo tout ap poze tèt yo yon keksyon : “ Ki sa Mesye Samuels genyen nan sak nwa lap pote a?” Mesye a di, “ Yon gwo sipriz! ”

Pandan yo nan otobis la, Moses kominike ak zanmi l John an siy pou l di li : “ Manman l banm yon nouvo tanbou! ” John reponn an siy, “ Mwen menn tou! ” Timoun soti toupatou pou vin nan konsè sa, Mesye Samuels dirije yo sou chèz ki nan premye ranje yo. **Palòtbò estrad** la, devan òkès la, se la tout enstriman mizik yo ye.



tanbou

“ Timoun, batrimann nan se bon zanmi mwen.” Anna an siy mande, “Ki sa yon batrimann ye?” Mesye Samuels reponn an siy, “ Se moun ki jwe enstriman tankou tankou, **senbal**, e menn pyano. ” Yon jèn fi mache antre sou **podyòm** nan. Yo rele li Majorie Elwyn. Tout moun kanpe aplodi. Gen timoun ki voye men, genyen ki bat bravo. Marjorie souri e tire **lareverans**. Moses di zanmi l yo an siy “Manmzèl pa gen soulye nan pye !” Pwofesè a di an siy: “Li soud tou. Lap swiv vibrasyon okès la ak pye l. Aprè sa Mesye Samuels rale onz blad nan sak nwa a.

Mesye Samuels di an siy: “Kenbe yo sou janm nou. Y ap ede nou santi mizik la. ”




Chèf dòkès la pran baton li, Batrimann nan frape gong la e konsè a kòmanse. Timoun yo ap swiv ak atansyon mizik la e pran anpil plezi.

Lè konsè a fini, Mesye Samuels te gen yon lòt sipriz pou timoun yo. Li mennen timoun yo dèyè estrad la pou yo fè konesans ak Madmwazèl Majorie. Li di yo madmwazèl la pral di yo kijan li vini yon batrimann. “ Mwen te malad anpil lè mwen te gen sèt an, lè mwen vin refè mwen vin pa tande ankò, kidonk mwen vin soud.” Apre sa madmwazèl la kite yo jwe tout enstriman yo. Ana tap jwe zilifòn... Mark jwe senbal, Diane jwe tom-tom... John jwe tanbou... Moses jwe bas... David jwe gong... Tommy ak Suzy jwe twonbòn... Steve jwe gwo tanbou an metal la (kettledrum) e Maria jwe Konga.


“Timoun! Lè a rive pou nou ale !” Mesye Samuels anonse. “ Madmwazèl Elwyn gen pou l ale jwe nan yon lòt konsè.” Konsa timoun yo di orevwa, yo monte nan otobis la, e Moses di :“ Nou sot pase yon bon moman.” Jou swa sa a, Moses rakonte paran li yo konsè a. E li di yo: “ Ou kapab devni nenpòt sa w vle, depi ou mete lespri w sou sa. Ou ka vin yon doktè, yon atis, yon pwofesè, yon avoka, yon agronòm, yon elektrisyen, oubyen yon aktè. Mwen menn, mwen vle vini yon batrimann. ”



Zilofòn



senbal



gong




Gita



flit



vyolon



bas

Mwen Konprann istwa sa

1. Moses se yon moun ki soud . Kijan Moses tandè music?
2. Kijan timoun te reaji lè Batrimann nan te parèt sou podyum nan?
3. Ki kalite enstriman yon batrimann jwe?
4. Kijan balon yo ap ede timoun yo pou yo swiv mizik la?
5. Kijan batrimann nan jwe nan òkès la?
6. Kijan e ki lè madmwazèl Elwyn te vin soud?
7. Pa ki fason madmwazèl Elwin te fini pa vini sa li ye jodi a?
8. Ki kalite mouvman timoun yo itilize pou yo jwe enstriman yo?
9. Fè yon rezime de istwa a? Ki bò timoun yo te ale? Apre konsè a ki moun timoun yo te rankontre e ki sa yo te fè sou podyum nan?

Ann nou reflechi sou istwa a

1. Poukisa Madmwazèl Elwyn pataje eksperyans li ak timoun nan klas Moses?
2. Panse a yon konsè ou te ale, oubyen yon mizik ou te tandè. Eske ou te fè menm eksperyans ak Moses? Ki diferans ki te genyen?
3. Ki detay ki ede w konprann Moses ak elèv nan klas li te amize yo nan konsè a?
4. Ki diferans ki genyen ant Mesye Samues ak pwofesè nan istwa Leson desen?
5. Moses di fanmi l' " Ou kapab nenpòt sa w vle, depi ou mete lespri w sou sa." Poukisa Moses panse konsa?

Site enstriman ki nan menn fanmi

Enstriman bas	Enstriman a kòd	Enstriman a van
Gong	Gita	flit

Vokabilè

Sa mo sa yo vle di : soud – pwomnad – konsè – estrad – podyòm